синий красный желтый черный

Ди республикэм и Іэтащхьэм и етІуанэ пІалъэм щІедзэ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№183 (21.841) ● 2010 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 29, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр зэрызыщхьэщихьыжам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм и 108-нэ статьям и Іыхьэ 4-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр зэрызыщхьэщихьыжам кьыхэкІы**уунафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэр щІэуэ къызэрагъэпэщыху лэжьэну.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ цыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм фокІадэм и 28-м
№99-УП

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и президент къулыкъум етІуанэ щІалъхьІэ лыгъуасэ пэрыувэжащ Къанокъуэ Арсен. Абы теухуа гуфІэгъуэ зэхуэсым кърихьэлІат УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ Хлопонин Александр, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым хэтхэр, Къэрал Думэмрэ Къэбэрдей-Балкъэрым и Парламентымрэ я депутатхэр, республикэм и Конституцэ судым хэтхэр, федеральнэ, щІыналъэ къэрал властым я унафэщІхэр, щІыпІэ самоуправленэмкіэ Советхэм я Іэтащхьэхэр, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадхэр. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентыр ягъэлъэпІэну къэкІуат Абхъаз Республикэм и Іэтащхьэ Бэгъэнщ Сергей зи ныхъыщхьэ лІыкІуэхэр, Осетие Ищхэ Республикэм и Президент Кокойты Эдуард, Адыгейм, Дагъыстаным, Ингушым, Кьалмыкыым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэм, ШэшэныМ, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Астрахань областым я лІыщхьэхэр.

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и тхъэрыІуэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Конституцэ судым и унафэщІ **Геляхов Абдуллыхь** Къанокъуэ Арсен тхъэрыІуэ иригъэщІащ, КЪБР-м и Конституцэм и 80-нэ статьям и яп Іыхьэм ипкъ иткІэ, президент къулыкъм пэрытыху щІыхум и щхьэхуитыныгъэмрэ и хунтыныгъэхэмрэ зэрихьэмэнум, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балкъэрми я Конституцэхэр зэригъэзэщІэнум, республикэм и къэралыгъуэр, и щІыналъэр, и щыналъэныгъэ зэрихьэмэнум, щІыхубэм хуэпэжу зэрыхуэлэжьэнум теухуауэ.

УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ **Хлопонин Александр** къеджащ Президент Медведев Дмитрий къехъуэхъуу Къанокъуэ Арсен къыхуигъэхьа телеграммэм, езыми псалъэ гуапэхэр абы хужиІащ.

- Илъэс 20 хуэдиз дэкІмэ, Кавказ Ищхьэрэм ущыпсэуну сыт хуэдизкІэ фІыуэ щытынуми къэтІуатэу дызэхэсыну дэ хуитыныгъэ диІэкъым. Апхуэдэ псэукІэр дэ нобэ дыухуэну ди къалэнщ. Араш егупсысауэ, хэплъыхьауэ лэжьэну щІыхуэхэр къыщІыхэтхри. ИкІи апхуэдэу щыуагъэншэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и президент къулыкъур хуагъэфэщащ Къанокъуэ Арсен, - жиІащ Хлопонин Александр.

ЗэІущІэм къыщеджащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Миронов Сергей, Къэрал Думэм и тхьэмадэ Грызлов Борис, УФ-м и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм я хъуэхъу телеграммэхэм.

Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм языхэзхэм дыкІуэныр си дежкІи, ди лъэпкъ псом и дежкІи гуфІэгъуэшхуэщ. Псоми дольагъу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм сыт хуэдизкІэ хуэлажьу зиужьын щІидзами. Дауи, ар я екъулІэныгъэщ унафэщІ Іущ зи пашэу республикэм щыпсэу щІыхубэм. Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэм заужьу нэхъ къару, нэхъ лъэщ хъухункІэ, Урысейми и лъэр щІигъэбыдэу аращ. АтІэ, Урысейр ди зэхуэдэ унэщи, абы и быдагъыр дэ зэи гулыытэншэу къэдгъэнэнукъым, - жиІащ Бэгъэнщ Сергей.

Къанокъуэ Арсен ехъуэхъуу зэІущІэм къыщыпсэльащ Кавказ Ищхьэрэм, Ищэ федеральнэ округым хыхьэ, щІыналъэхэм я унафэщІхэр.

Къанокъуэ Арсен къехъуэхъуа псоми фІыщІэ яхуищІащ, къэралым кьригъэза дзыхьыр игъэпэжын папщІэ псэемыблэжу адэкІи зэрылэжьэнур жиІащ.

- Сольытэ сэ дзыхь къызагъэзар республикэм иужьрей илъэсхэм экономикэ, социальнэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным хуэунэтІауэ дзэжьа Іуэхугъуэхэр къызэрыддаІыгъым и щыхьэту. Къэбэрдей-Балкъэрым щыпсэу дэтхэнэри къэзгъэгугъэну сыхуейщ президент къалэнхэри, республикэр зи унэ, зи Хэку щІыхум и къалэнхэри си кьару семыблэжу згъэзэщІэну, - жиІащ КЪБР-м и Президентым.

ГЪУЩІО Зариф.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ Хлопонин Александр.

Абхъаз Республикэм и Президент Бэгъэнщ Сергей.

Осетие Ищэ Республикэм и Президент Кокойты Эдуард.

УФ-м и Къэрал Думэм БюджетымкІэ и комитетым и унафэщІ Васильев Юрий.



Адыгэ Республикэм и Президент ТхъэкІушынэ Аслъэнджэрий.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Президент Эбзеев Борис.

Осетие Ищхьэрэ-Аланием и Іэтащхьэ Мамсуров Таймураз.

Ставрополь крайм и губернатор Гаевский Валерий, Дагъыстаным и УнафэщІ Магомедов Магомед-Алий, Ингушым Республикэм и Президент Евкуров Юнус-Бэч сымэ.

●Егъэджэныгъэ

ФІым я фІыжхэр

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм жэпуэгъуэм и 1-м щагъэлъэпІэнущ КъБР-м егъэджэныгъэ Іэнатіэм щыпэрыт Іэщіагъэлъэхъэм ящыщу нэхъыфІ дыдэхэр.

ХАБЗЭ зэрыхьуащи, Егъэджакіуэм и махуэм и пэ къихуэу лэжьакіуэ пажэхэр упыкуащхуэхэм къращэ, я щІэ фІыкІэ къраІуэу. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм и зыужьыныгъэм хуащІ хэлъхьэныгъэ инхэм папщІэ, абыхэм ират щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр, саугъэт гъаІпІэхэр.

Мы гъэми аращ. Жэпуэгъуэм и 1-м республикэм и егъэджакіуэ нэхъыфІи 10-м ратынущ КъБР-м и Президентым къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр. Республикэм и Правительствэм и щІыхь тхылъхэр хуагъэфэщэнущ егъэджакіуэ пажэу 10-м. КъБР-м и Парламентми и щІыхь тхылъхэмкІэ а махуэм игъэтхъэпІэнущ егъэджакІуи 5. Къищынэмыщіауэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и ветеран зыбжани, «Егъэджэныгъэ» пъэпкъ проектым мы гъэм щытекІуа егъэджакіуэ 23-ри жэпуэгъуэм и 1-м КъэрАл концерт гъэлъэгъуапІэм щагъэпэжэнущ.

КІУЖ Иннэ.

●Прохладнэ куей

Псыр тэмэму яІэрохьэ

Прохладнэ куейм хыхьэ Учебнэ къуажэм щІым куууэ хэт и етІуанэ псы къыщІэщыпІэр щызэрагъэпэщыжащ, токкІэ лажьэ насосыщІэ трагъэувауэ, гъунэгъуу щыІэ псы хъумапІэр къыщагъэсабэп. А Іуэхум щыпІэ бюджетым еІуэ сом мини 140-м нэблагъэ трагъэкІуэдащ.

МУНИЦИПАЛИТЕТЫМ и унафэщІхэм къуажэ администрацэм я Іэтащхьэхэм хуагъэув кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ куейм и жылагъуэхэр псыкІэ ирикъуу къызэгъэпэщыныр. Учебнэ къуажэм и Іэтащхьэ Кузнецовэ Галинэ зэрыжиІамкІэ, къати 4-5-уэ зэтет унэхэм щІэсхэр хадзэхэм псы щагъэжьауэ гъэмахуэ пэ-хьэнэм абыкІэ хуабжьу гугъу ехьырти, зэфІагъэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, а щыщІэныгъэр гъэзэжьауэ хьуащ. Иджы унагъуэ, фэтэр псомэ псыр пэрыхьэту яІэрохьэ.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ.

● Аруан куей

Нартыху бэв

Аруан куейм нартыхур кІэрыхуншэу къеуэлІэжьыным щоужьэрэ, Мы гъэм гъавэ бэв зэхъулІахэм ящыщщ Аруан къуажэм щызэхэт «ЭРГ» мэкъумэш Іуэхущіапіэр.

МЫБЫ иныгъ щІы гектари 110-м лэжьыгъэхэр зы махуи щызэпыуркъым. Зы гектарым хуэзэу нартыху хэплъыхьауэ центнер 55-м нэс къыІрахащ. Абы къыдэкІуэу нартыхуІкъэхэр псынщІэрыщІэу явэ.

Иджыпсту механизаторхэр хунэсащ гъавэ щІапІэу гектари 100-м нэсым а лэжьыгъэр щызэфІагъэжІын. Абы мыгувэу щекІуэкІынущ бжьыхьэсэр. Апхуэдэу механизаторхэм илъэсыр икІыху явэн хуейуэ къапащыльщ гъатхасэм хухаха щІы Іэнэщіхэри. Зыхуеину мэкъумэш техникэмрэ дагъэзгъэсыныпхъэмкІэ ахэр тэмэму къызэгъэпэщащ. Нартыхур Іухыжьным мы зэманым пэрытщ зы комбайнрэ гъавэр хьэсэм кьыхэзыш машинитрэ. Техникэ нэхъыбэ хуей хъуми гугъуехь хэмыту ягъуэтынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● ГуфІэгъуэ пшыхьхэр

Пшыхьым кърихьэлІахэр.

«Кабардинка»-р къофэ.

ФІым, къэкІуэну дахэм ухуэзыгъаплъэ

Меладзе Валерий

Ротару Софие

«Рики и Повери» гупыр.

Варум Анжеликэ

Агутин Леонид

Налшык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм фокІадэм и 28-м щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и президент къуэдыкъум Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр етІуанэ пІальэкІэ зэрыпэрыуэжьам теухуа гуфІэгъуэ зэхыхьэ ин.

ЗЫ ТІЫСЫПІЭ нэщІу зимыІэж пэшым республикэр иджыри иІьэситхукІэ зэрихьэну дзыхь зыхуащІа Къанокъуэ Арсен къыщыщІыхьэм, зэІущІэм зыкърезыгъэхьэлІа псори къэтэджащ, Іэгуауэ ин хуаІэту. Цыхубэм пщІэ зэрыхуищым и щыхьэту, щхьэщэ къахуищІу и тІысыпІэр зригъэгъуэта иужь, щидзащ махуэшхуэм и щІыхькІэ къызэрагъэпэща концертым.

Лазер технологиер Іэзэу къызэрагъэсэбэпам и фІыгъэкІэ, псалъэ хуэмыныкъуэу къаГэлъэгъуэфащ илъэситхум и кІуэцІкІэ ди щІыналъэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэ дахэхэр. Сценэм къыщраубгъуха щэкІ пІащІэм къытещырт гъуэгуэр, еджапІэхэр, ІуэхущІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, псэуалъэ кУэдхэр зэрахуэр, ІэнатІэ зэхуэмыдэхэм, республикэм зэрыщыту ягъуэта зыужьыныгъэфІхэр. Апхуэдэуи «лазер псалъэхэмкІэ» гуапэу ехъуэхъуащ ди щІыналъэм щыпсэу цІыхухэр фІы ІэджэкІэ зыщыгугъ Президентым.

ЗэІущІэр езыгъэкІуэкІахэу Третьяк Татьянэрэ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Къумахуэ Мухьэдинрэ Къанокъуэ Арсени, абы и лэжьэгъуэхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэми хъуэхъу псалъэхэмкІэ иджыри зэ зыхуагъаазэри, утыкур хуит хуащІащ нэгъуэщІ къэрал къикІа уэрэджыІакІуэхэм, Урысейм, республикэм я артистхэм.

Уэркъ къафэ екІукІэ концертыр къызэІуихащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым (художественнэ унафэщІыр КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Ингуш Республикэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Атэбий Игорщ). Къанокъуэм ехъуэхъуэрэ я уэрэдхэри тыгъэ хуащІащ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу УФ-м, Шэшэн Республикэм щІыхь зиІэ я артист Меладзе Валерий, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артистхэу Валерие, Варум Анжеликэ, Агутин Леонид, Италием щыщ «Рики и Повери» гупым, СССР-м, Украинэм, Молдовэм я цІыхубэ артисткэ Ротару Софие, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу Хъэжырокъуэ СулътІанрэ Геппеев Алимрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш республикэхэм я цІыхубэ артист Нэхущ Чэримрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингуш Республикэмрэ щІыхь зиІэ я артист Лосэн Тимуррэ. Апхуэдэуи зэІущІэр ягъэдэхащ «Балкария» (художественнэ унафэщІыр ди республикэм щІыхь зиІэ и артист Кудаев Хьэсэнщ), «Тэрч къэзакъхэр» (художественнэ унафэщІыр КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бочаровэ Галинэщ) лъэпкъ къэфакІуэ ансамблхэм. «Ислъэмей» къафэ псынщІэмкІэ зэІущІэр «Кабардинка»-м зэхуищІажащ.

Махуэшхуэм щыпащащ Театр ЩхъуантІэм. Ащхъуэт Ритэрэ Кортнев Алексейрэ ирагъэкІуэкІа концертым хэтащ ищхьэкІэ зи цІэ къитІуа артистхэр, апхуэдэуи ди республикэм и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Сокъур Ольгэ, Гуаздэ Тимур, Нежинэ Маринэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэхэмкІэ зи нэгу зызегъэужьа цІыхухэр фІым щыгугъэр ди щІыналъэм къэкІуэну дахэ зэриІэр я фІэщ хъуу зэбгрыкІыжащ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэрэ
МАМИЙ Руслан рэ
трахащ.

Сокъур Ольгэ

Ащхъуэт Ритэрэ Кортнев Алексейрэ

Хьэжырокъуэ СулътІан

«Балкария»-р къофэ.

ДУНЕЙМ ПАЛЪЫБАРЭЗЭ

Мазищ къэс

Испаниемкъалэн зыщыщІыжащ Сомалим и правительствэм еврэ мелуани 3 иритыну, а къэралыр зэфІэгъэувэжьыным трагъэкІуэдэн папщІэ.

Вэсэмахуэ Мадрид къыщыхъэІуахащ Сомалим и ІуэхуитІ Дунейпсо лэжьакІуэ гупым и XVIII зэІущІэр. Абы и лэжьыгъэм хэтщ Сомалим и президент, шейх Шариф Ахьмэд Шариф.

А лэжьакІуэ гупыр ООН-м къызэригъэпэщат 2006 гъэм, США-мрэ Норвегиемрэ я жэрдэмкІэ, Нобэ абы хохьэ къэрал 45-мрэ дунейпсо ІуэхущІапІэхэмрэ я лІыкІуэхэр. А гупыр мазищ къэс зэ зэхуэс, Сомалир зэрыт политикэ, экономикэ щытыкІэр кьипщытуэ, а къэралыр зыпэщІэт гугъуехьхэм кьыхэша зэрыхьуну Іэмалхэм хэплъэн папщІэ. Лэжьакуэ гупым и Іэтащхьэщ ООН-м и Генеральнэ секретарым Сомалим и ІуэхуэхэмкІэ и лІыкІуэ, Танзаниемкъ дипломат Августин Филип Махигэ.

Сомалим и президентыр ІущІащ Испаниемкъ зыхьумэжьымкІэ и министр Чакон Карме. Ахэр тепсэлъыхьащ пиратхэм еБэнынымкІэ ялэжьахэм. А зэІущІэм хэтащ Испаниемкъ къэрал щІыб ІуэхухэмкІэ министр Моратинос Анхели. Ахэр зэрыгъэгуэрыІуам ипкъ иткІэ, Мадрид дэІэпыкъунущ Сомалим, шынагъуэнщагъэмкІэ къарухэр къызэригъэпэщынымкІэ. Европейхэм сомали зауэлІу зы мин щагъэсэнущ Угандэ щаІэ базэм.

Хэт гукъыдэж зиІэр?

США-м и «World Public Opinion» къхухтакІуэ организацэм къызэритамкІэ, дунейм къэралу тетым щыщу тху къудейм щыпсэухэращ зи фІэщ хъуэ экономикэм и щытыкІэр илъэ и пэ зэрыщытам хуэдэу ефІэкІуэжу «эмаиыфІхэм» къаІуэтэжыныр.

ГъэщІэгъуэнращи, а къэралитхури зызыужьхэм ящыщщ: Индиер, Нигериер, Бразилиер, Китайр, Филиппинхэр. Абыхэм щыпсэууэ ущІэ зыхуагъэувахэм я процент 50-м щигъум я къэралыр зэрефІэкІуэнур я фІэщ хъуу жаІащ.

Апхуэдэ фІэщхъуныгъэ зимыІэхэм, я хэкум и зыужьыныгъэ лъэпкъ зымыльагъуэхэм ящыщщ Инджылызыр, Франджыр, Мексикэр, Пакистаныр, США-р.

Урысейми и гукъыдэжым мащІэу хэхъуащ: дунейпсо кризисым и пэ щыІа псэукІэм зы илъэсым къриубыдэу дыхужыжьну я фІэщ мэхъу упщІэ зыхуагъэувахэм я процент 21-м. Ар яп эм ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм кърикІуа бжыгъэм нэхърэ процент 9-кІэ нэхъыбэщ. Европэм и къралхэм ящыщу кризисым кърикІуа Іуэхухэм ямыгъэгужьейр къэралищ къудейщ (Урысейр, Германиер, Испаниер).

Зи гугъу тщы упщІэхэр мы гъэм и мэкъуэгъэм щегъэжьауэ хуагъэуват къэрал 22-м щыпсэу цІыху мелуан 22-мрэ мин 783-м. Статистикэ Іэмалхэм къызэрагъэувымкІэ, щыуагъэр процент 3,5-м щІигъукъым.

Чавес и фІэщ мэхъу

«Лессошэйтед Пресс» хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эм къызэритымкІэ, Венесуэлэм щІедзэ атом энергетикэм я къэралым зыщегъэужьыным пыщІа Іуэхугъуэхэм. Ар пресс-конференцым дыдэу щыжиІащ президент Уго Чавес.

- Атом энергетикэр мамыр Іуэхукі э къэдгъэсэбэпын папщІэ, а ІэнатІэм зегъэужьын щІыдодзэ икІи США-м дыкъыхуэгъэувыІэнукъым. Дэ дыхуэныкъуэщ а энергетикэми, яп къэхутэныгъэхэр нобэ идогъэкІуэкІ, - жиІащ Венесуэлэм и президентым.

Хъыбарегъащ Іэ Іуэхущ Іапі эм къынгъэлъагъуэкъым яухуэну проектхэри, ар хъэзыр щыхъуну зытращІыхь пІальэхэри зыхуэдэр. Мэлыжьыхьым Венесуэлэр Урысейм гурыІуащ яп атом электростанцым и проектыр хуигъэхъэзырыныр.

Уго Чавес зэкъым къызэрыпсэлъар Ираным и ядернэ программэр щІыгъуу. Абы и фІэщ мэхъу Тегераным ядерныр Іэщэ зэримыщІыр, США-ми европей къэралхэми жаІэ псори зэрыщІыр.

НОБЭ

◆ Украинэм (Бабий Яр) щаукІаХэм я фэепль махуэщ. 1941 гъэм Киев и ищхьэрэ къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ фашистхэм щызэтраукІащ мамыру псэу цІыхуу, гъэр ящІа зауэлІу мини 150-м щІигъу. А щІыпІэм деж фэепль щагъэуващ.

◆ Илъэсэ 10 и пэ Къэзан къыщызэІуахащ Урысейм и яп муслымэн еджапІэ нэхъыщхьэ - Урысейпсо ислъам университетыр.

◆ Берлин щызэхэтынущ Германие-Урысей форумым гъэкъэ иригъэкІуэкІ конференцыр. Ар теухуауэ щытынущ Евросоюзым и къуэкІыпІэ политикэм Польшэм, Германием, Урысейм щагъэзащІэ кьалэныр.

Плаинэр зыхъуэгъэр **ГЪУЩІО Зарифи**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зэзри зи хущхъуэ щыІэщ.

● Пашэхэр

ТекІуахэр ягъэлъапІэ

Былымхэр Іэрыщу псэф щІынымкІэ зи Іэщ Іагъэм нэхъ хуІэзэ операторхэр къыхэхыным теухауэ фокІадэм и 21-23-хэм Налшык щекІуэкІа ещанкІэ Урысейпсо зэпеуэм кърикІуахэр зэхалъхьжащ. Абы хэтащ къэралым и щІыналъэ 63-м я лыкІуэу 80.

«ПСОМИ я чемпионыж» номинацэ нэхъыщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Сомгъур Асльэныкъуэ бжьыпэр щичыбдащ икІи саугьэту ягъэува ВАЗ-2107 автомашинэр къихьащ. Ленинград областым къикІа Помельцевэ Галинэ етІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ, Белгород областымрэ Башкортостан Республикэмрэ щыщхэу **Воликовэ Иринэрэ Галлямовэ Ляйсанрэ** ещанэр зэщдгуэшащ. Абыхэм дэтхэнэми телевизор тыгъэу хуащІащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» Іэщ лъэпкъыфІ селекцэ центр» ООО-м Миловановымрэ Соколовскэмрэ я цІэкІэ щыІэ кубок зэІэпахыр къыхуагъэфэщащ, зэпеуэм хэта псоми дипломрэ тыгъэ лъапІэхэмрэ иратащ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуищІыжьым, Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм Іэщ гъэхъунымрэ былым лъэпкъыфІхэм зегъэужьынымкІэ и департаментым и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Амирханов Хьэрун** зэпеуэр егугъуу къызэрызэрагъэпэщам папщІэ, республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ къхуищІащ икІи къыхигъэщащ мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэр Урысей къудей мыхъуу, дунейпсо пщалъэм къитІасэу Къэбэрдей-Балъкъэрым дяпэкІи куэдрэ зэрыщрагъэхьІуэкІынур и фІэщ зэрыхьур.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Бахъсэн куей

Зэраубзыхуам тету

Бахъсэн районым и ЖКХ-м и ІэнатІэхэр бжьыхьэ-щымахуэ лъэхъэнэм еужьэрэкІыу хуагъахьэзыр.

РЕСПУБЛИКЭ комиссэм зэригъэбелджыламкІэ, куейм и псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм кьат куэд хьу псэупІэ унэу 32-рэ, котельнэуи апхуэдиз, хуабэ гуэшыпІэу километр 42-рэ, псы кІуапІэу километр 413-рэ, щІэжьпІэу километр 31,5-рэ хохьэ. Нобэ ирихьэлІэу псэупІэ фондыр процент 99-кІэ, хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ Іэнатіэхэр процент 96-кІэ, псы кІуапІэхэр процент 97-кІэ, псы гуэшыпІэхэри апхуэдизкІэ хьэзырщ.

Бахсэн районым ухуэныгъэмкІэ, архитектурэмрэ ЖКХ-мкІэ и Іуэхущапіэм и унафэщІ Уэг Анат олэ зэрыжиІамкІэ, псэуныгъэр къызэзыгъэпэщ я Іэнатіэхэр жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІу зыхуэ хуагъэзэнущ.

ЩОМА ХУЭ Залинэ.

●КъыхэтхыкIыныгъэ-2010

Iуэхур зэрекIуэкIынур

УРЫСЕЙ Федерацэм щIпсэу цIыхухэр 2010 гъэм къыхэтхыкIыным Федеральнэ бюджетым хухихащ сом мелард 17 хуэдиз. Абы щыщу мы гъэм Iуэхум трагъэкIуэдэн хуейуэ кьэнащ сом мелард 10,5-рэ.

Зэрыт лъагъуи, цIыхухэр къыхэтхыкIыныр Iэху пудкъым, ауэ ар къэрал псоми зэхуэдэу, халъхьэ Iэмалхэр зэрызэщхьащIыкIагъуэ щымIыэу ялэжьын хуей мэхъу къэрал Iуэхухэр тэмэму яубзыхун папщIэ.

Урысейм и цIыхухэм хьэл-щэн яхуэхьуащ властым эпымIууэ техьущIыхыныр, абы «мыбдеж щимыIэжьар, мобдеж и акъыл къыщимытIэсар» хуитъэлъагъуэу. ИкIи а хьэл-щэн мыгъэр псом япэу зэран яхуэхьужыфынущ езы цIыхухэм. Зи гугъу тщIыраци, «Сэ къыхэтхыкIыным сыхэмыхткIэ зыми зихьужьынукъым», - жызIэр щоуэ, псом апэ и щхьэ зэран хуэхьужь.

Апхуэдизу мыльку цIыхухэр къыхэтхыкIыным къэралым щытригъэкIуадэр а Iуэхум къыкIуэу бюджетым къыхэзгъэхьэ мэхъури аращ. Псальэм папщIэ, ар зэрыпэжым и щапхъэу къэпхъунущ псэупIэм, щIэныгъэм, узыншагъэм и лъэпкъ проектхэр щагъэхьэзырым, иужьрейуэ цIыхухэр къыхэзрыхатхыкIам къыкIуэкIэр куууэ къыхэзрагъэсэбэпар.

2002 гъэм цIыхухэр кыщыхатхыкIам, бюджетхэм кьагъэлъэгъуат къэралым цIыхуу щыпсэум куэд зэрыхэщIар (1989 гъэм елытауэ цIыху мелуан 1,8-рэ чмт), дунейм сабийуэ кьытехьэри зэрымащIэр ныбгъэм. А щытыкIэхэм власт-тыр ирихуIащ демократие политикэм зегъэубгъыным - сабиитI е нэхъыбэ зыгъуэтахэм «анэм и ахьшэ» етын хуейуэ унафэ кьащтащ.

Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым Урысей Федерацэм и щIналъэхэм Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу яIэрыхьэн хуей ахьшэр абы щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьвуэ ямыхьэрабжыр. Араущ дэтхэнэ ми и фейдэ щIыхьэлыр езыри и Iыхьлы-благъэхэри къыхэтхыкIыным.

Зы кьалэм, куейм щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьауэщ абы и бюджетым и инагъыр зэрагъэзывыр: абы и уху-ныгъэхэм, и социальнэ Iуэхущ-IапIэхэм (сабий садхэм, школхэм, сымаджэщхэм, н.кь.) ахьшэу хуаутIыпщыныр зыхуэдизри.

Щыхуэхэм я ныбжьыр зыхуэдизри къыхатхыкIын хуейщ, къэблагъэ ильэс зыбжанэм сыт хуэдиз пенсие кIуэнуми къэралым Iуэхущ-IапIэхэр щыгъуазэу, а Iуэхум хуэхьэсыру щытын папщIэ. Пенсие этын хуей сом бжыгъэр убзыхуным и мызакъуэу, naIуэ мэхъу сыт хуэдиз лэжьакIуэ къэралыр хуэныкьуэ хьунуми.

Лэжьыгъэ Iэнатlэм и Iуэхухэм, Iэпхъуэщапхъуэ щытыкIэхэм пыща политикэр тэмэму пхуэубзыхунукъым лэжьыгъэмкIэ рынокыр зэрыт щытыкIэм щыщыгъуазэу, сыт хуэдэ щIналъэм лэжьапIэншэу сыт хуэдиз щыпсэуми къумыхутауэ. Транспортыр Iэнатlэм, лэжьапIэншэхэр егъэджэным текIуэдэну ахьшэр зэлытауэ щытынур къыхэтхыкIыныгъэхэм къыкIуарагъ.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэу цIыху бжыгъэр зэрызэщхьащIыкI щыкIэм мэхъыжьыр и Iэщ мэкъумэщ хозяйствэм и политикэр зэрыщIэкIынымкIэ, къэралым ерыскъыхэкI щынагъуэнщагъэр зыхуэдэу щытыпхъэр кьахутэнымкIэ. ГурыIуэгъуэщ лэжьэгъуэ ныбжьым ятеуэ щыгъуэ жыпIэмэ, ар зэрыгъэуащIэу щыпсэуфынущ. Ауэ цIыхур ди къэралым и властым хуигъэуба кьалэнхэр игъэзащIэу хамэ къэрал щIэн ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щы-Iэмэ, ари абы и унагъуэм щыщхэри ятхын хуейщ.

Щыхуэхэм я бжыгъэм, ахэр щыпсэу щынальэхэм я лэжьапIэншэхэр зыхуэдизым, лэжьыгъэ Iэнатlэу щыIэхэр зыхуэдэм Iуэщщу кьегъэльагъэу Iуэхутхэбзэ щалэжь Iэнатlэм егъэгъуэтын хуей зэхьуэжьыныгъэхэр зэрыщубзыхупхъэр. Абы мыхъэнэшхуэ иIэщ хьэрыуэтэщIэ мащIэ щхьэхуэбжьэну зыгъэгъэзырхэм я дежкIи апхуэдэ хьэрыуэтэщхэм ядэIэпыкъу Iуэхущ-IапIэхэм (ахьшэхъумапIэхэм, правительствэхэм) я дежкIи.

КъыхэтхыкIыныгъэм кърикIуэ бжыгъэхэм жылагъуэр нэхъ тегушхуауэ лэжьэн хуэдэу къызэрагъэпэщ. Псальэм папщIэ, щIалэгъуалэ зэгухьанымкIэ, хэхэсхэм я лъэпкъщэнхабзэ центр къызэрагъэпэщыныр е зи узыншагъэ кьимыгIасэхэр зэгуэгъэзэкIынымкIэ зыми ягъэ къэмылкIынкIи хьунущ, къыхэтхыкIыныгъэм кърикIуаэхэр ильагъуэу.

Хэхьныгъэ къызэрыгуэнкIэр щекIуэкIым и деж кандидатым и хьыбар щыIэтэ агитаторхэм жылагъуэхэр къызэхакIухь. Ар уи унагъуэ кьеблэгъанэмэ, дакъикьитху хуэдизу тригъэкIуадэу аращ кандидатыр уигъэцIыхуным. Ауэ къыхэтхыкIыныгъэр щекIуэкIэ уи деж кьеблагъэ лэжьакIуэм уэ уи хьыбар хуболуатэ икIи ар жыпIэм къодаIэу. Ар аращ къыщIэкIуари, дакъикьэ 15 хуэдизу кьыптрегъэкIуадэ. Ауэ а дакикъэ 15-м уэ уи макъ кьыщIэдэIур абы и закъуэкым - жылагъуэ псом уэ жыпIэр зэхех.

Сыт хуэдэ къыхэтхыкIыныгъэми къыркIуэ псори гъэщIэгъуэнщ, а бжыгъэхэм дэтхэнэми щыгъуазэ зищIысIынущ, абы-хэм Iупщу кьагъэльагъуэ къэралым сыт хуэдэу зихъужьми уэ дапхуэдэу упсэуми.

КъыхэтхыкIыныгъэм щыщIыхатхыкIам, бжыгъэхэм кьагъэльэгъуат къэралым щыIуу щыпсэум куэд зэрыхэщIар (1989 гъэм елытауэ цIыху мелуан 1,8-рэ чмт), дунейм сабийуэ кьытехьэри зэрымащIэр щыIэ кьищIат а къыхэтхыкIыныгъэм. А щытыкIэхэм власт-тыр ирихуIащ демократие политикэм зегъэубгъыным - сабиитI е нэхъыбэ зыгъуэтахэм «анэм и ахьшэ» етын хуейуэ унафэ кьащтащ.

Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым Урысей Федерацэм и щIналъэхэм Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу яIэрыхьэн хуей ахьшэр абы щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьвуэ ямыхьэрабжыр. Араущ дэтхэнэми и фейдэ щIыхьэлыр езыри и Iыхьлы-благъэхэри къыхэтхыкIыным.

Зы кьалэм, куейм щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьауэщ абы и бюджетым и инагъыр зэрагъэзывыр: ари абы и уху-ныгъэхэм, и социальнэ Iуэхущ-IапIэхэм (сабий садхэм, школхэм, сымаджэщхэм, н.кь.) ахьшэу хуаутIыпщыныр зыхуэдизри.

Щыхуэхэм я ныбжьыр зыхуэдизри къыхатхыкIын хуейщ, къэблагъэ ильэс зыбжанэм сыт хуэдиз пенсие кIуэнуми къэралым Iуэхущ-IапIэхэр щыгъуазэу, а Iуэхум хуэхьэсыру щытын папщIэ. Пенсие этын хуей сом бжыгъэр убзыхуным и мызакъуэ, naIуэ мэхъу сыт хуэдиз лэжьакIуэ къэралыр хуэныкьуэ хьунуми.

Лэжьыгъэ Iэнатlэм и Iуэхухэм, Iэпхъуэщапхъуэ щытыкIэхэм пыща политикэр тэмэму пхуэубзыхунукъым лэжьыгъэмкIэ рынокыр зэрыт щытыкIэм щыщыгъуазэу, сыт хуэдэ щIналъэм лэжьапIэншэу сыт хуэдиз щыпсэуми къумыхутауэ. Транспортыр Iэнатlэм, лэжьапIэншэхэр егъэджэным текIуэдэну ахьшэр зэлытауэ щытынур къыхэтхыкIыныгъэхэм кърикIуаэр.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэу цIыху бжыгъэр зэрызэщхьащIыкI щыкIэм мэхъыжьыр иIэщ мэкъумэщ хозяйствэм и политикэр зэрыщIэкIынымкIэ, къэралым ерыскъыхэкI щынагъуэнщагъэр зыхуэдизу зыгъэпытынхэр къахутэнымкIэ. ГурыIуэгъуэщ лэжьэгъуэ ныбжьым ятеуэ щыгъуэ жыпIэмэ, ар зэрыгъуэгъуэ щыIэ щыгъуэ къыкIуэу бюджетым и къэралым и властым хуигъэуба кьалэнхэр игъэзащIэу хамэ къэрал зы ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щы-Iэмэ, ари абы и унагъуэм щыщхэри ятхын хуейщ.

Щыхуэхэм я бжыгъэм, ахэр щыпсэу щынальэхэм я лэжьапIэншэхэр зыхуэдизым, лэжьыгъэ Iэнатlэу щыIэхэр зыхуэдэм Iупщу кьегъэльагъэу Iуэхутхэбзэ щалэжь Iэнатlэм егъэгъуэтын хуей зэхьуэжьыныгъэхэр зэрыубзыхупхъэр. Абы мыхъэнэшхуэ иIэщ хьэрыуэтэщIэ мащIэ щхьэхуэбжьэну зыгъэгъэзырхэм я дежкIи апхуэдэ хьэрыуэтэщхэм ядэIэпыкъу Iуэхущ-IапIэхэм (ахьшэхъумапIэхэм, правительствэхэм) я дежкIи.

КъыхэтхыкIыныгъэм кърикIуэ бжыгъэхэм жылагъуэр нэхъ тегушхуауэ лэжьэн хуэдэу къызэрагъэпэщ. Псальэм папщIэ, щIалэгъуалэ зэгухьанымкIэ, хэхэсхэм я лъэпкъщэнхабзэ центр къызэрагъэпэщыныр е зи узыншагъэ кьимыгIасэхэр зэгуэгъэзэкIынымкIэ зыми ягъэ къэмылкIынкIи хьунущ, къыхэтхыкIыныгъэм кърикIуаэхэр ильагъуэу.

Хэхьныгъэ къызэрыгуэнкIэр щекIуэкIым и деж кандидатым и хьыбар щыIэтэ агитаторхэм жылагъуэхэр къызэхакIухь. Ар уи унагъуэ кьеблэгъанэмэ, дакъикьитху хуэдизу тригъэкIуадэу аращ кандидатыр уигъэцIыхуным. Ауэ къыхэтхыкIыныгъэр щекIуэкIэ уи деж кьеблагъэ лэжьакIуэм уэ уи хьыбар хуболуатэ икIи ар жыпIэм къодаIэу. Ар аращ къыщIэкIуари, дакъикьэ 15 хуэдизу кьыптрегъэкIуадэ. Ауэ а дакикъэ 15-м уэ уи макъ кьыщIэдэIур абы и закъуэкым - жылагъуэ псом уэ жыпIэр зэхех.

Сыт хуэдэ къыхэтхыкIыныгъэми къыркIуэ псори гъэщIэгъуэнщ, а бжыгъэхэм дэтхэнэми щыгъуазэ зищIысIынущ, абы-хэм Iупщу кьагъэльагъуэ къэралым сыт хуэдэу зихъужьми уэ дапхуэдэу упсэуми.

КъыхэтхыкIыныгъэм щыщIыхатхыкIам, бжыгъэхэм кьагъэльэгъуат къэралым щыIуу щыпсэум куэд зэрыхэщIар (1989 гъэм елытауэ цIыху мелуан 1,8-рэ чмт), дунейм сабийуэ кьытехьэри зэрымащIэр щыIэ кьищIат а къыхэтхыкIыныгъэм. А щытыкIэхэм власт-тыр ирихуIащ демократие политикэм зегъэубгъыным - сабиитI е нэхъыбэ зыгъуэтахэм «анэм и ахьшэ» етын хуейуэ унафэ кьащтащ.

Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым Урысей Федерацэм и щIналъэхэм Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу яIэрыхьэн хуей ахьшэр абы щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьвуэ ямыхьэрабжыр. Араущ дэтхэнэми и фейдэ щIыхьэлыр езыри и Iыхьлы-благъэхэри къыхэтхыкIыным.

Зы кьалэм, куейм щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьауэщ абы и бюджетым и инагъыр зэрагъэзывыр: ари абы и уху-ныгъэхэм, и социальнэ Iуэхущ-IапIэхэм (сабий садхэм, школхэм, сымаджэщхэм, н.кь.) ахьшэу хуаутIыпщыныр зыхуэдизри.

Щыхуэхэм я ныбжьыр зыхуэдизри къыхатхыкIын хуейщ, къэблагъэ ильэс зыбжанэм сыт хуэдиз пенсие кIуэнуми къэралым Iуэхущ-IапIэхэр щыгъуазэу, а Iуэхум хуэхьэсыру щытын папщIэ. Пенсие этын хуей сом бжыгъэр убзыхуным и мызакъуэ, naIуэ мэхъу сыт хуэдиз лэжьакIуэ къэралыр хуэныкьуэ хьунуми.

Лэжьыгъэ Iэнатlэм и Iуэхухэм, Iэпхъуэщапхъуэ щытыкIэхэм пыща политикэр тэмэму пхуэубзыхунукъым лэжьыгъэмкIэ рынокыр зэрыт щытыкIэм щыщыгъуазэу, сыт хуэдэ щIналъэм лэжьапIэншэу сыт хуэдиз щыпсэуми къумыхутауэ. Транспортыр Iэнатlэм, лэжьапIэншэхэр егъэджэным текIуэдэну ахьшэр зэлытауэ щытынур къыхэтхыкIыныгъэхэм кърикIуаэр.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэу цIыху бжыгъэр зэрызэщхьащIыкI щыкIэм мэхъыжьыр иIэщ мэкъумэщ хозяйствэм и политикэр зэрыщIэкIынымкIэ, къэралым ерыскъыхэкI щынагъуэнщагъэр зыхуэдизу зыгъэпытынхэр къахутэнымкIэ. ГурыIуэгъуэщ лэжьэгъуэ ныбжьым ятеуэ щыгъуэ жыпIэмэ, ар зэрыгъуэгъуэ щыIэ щыгъуэ къыкIуэу бюджетым и къэралым и властым хуигъэуба кьалэнхэр игъэзащIэу хамэ къэрал щIэн ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щы-Iэмэ, ари абы и унагъуэм щыщхэри ятхын хуейщ.

Щыхуэхэм я бжыгъэм, ахэр щыпсэу щынальэхэм я лэжьапIэншэхэр зыхуэдизым, лэжьыгъэ Iэнатlэу щыIэхэр зыхуэдэм Iупщу кьегъэльагъэу Iуэхутхэбзэ щалэжь Iэнатlэм егъэгъуэтын хуей зэхьуэжьыныгъэхэр зэрыубзыхупхъэр. Абы мыхъэнэшхуэ иIэщ хьэрыуэтэщIэ мащIэ щхьэхуэбжьэну зыгъэгъэзырхэр я дежкIи апхуэдэ хьэрыуэтэщхэм ядэIэпыкъу Iуэхущ-IапIэхэм (ахьшэхъумапIэхэм, правительствэхэм) я дежкIи.

КъыхэтхыкIыныгъэм кърикIуэ бжыгъэхэм жылагъуэр нэхъ тегушхуауэ лэжьэн хуэдэу къызэрагъэпэщ. Псальэм папщIэ, щIалэгъуалэ зэгухьанымкIэ, хэхэсхэм я лъэпкъщэнхабзэ центр къызэрагъэпэщ

●КъыхэтхыкIыныгъэ-2010

Iуэхур зэрекIуэкIынур

абыхэм я щыхьэт тхыльъхэр мыхьэзыр пэтми. ЯтхыкIынущ Урысейм зы ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щедежну ельытэжьынукъым. Апхуэдизу щыщIэрыпсыкIэ пIалъэр кьыщIэрысам емыльытауэ. КъыхатхыкIэм хабжэнущ зэпымыуэу хамэ къэралыщIэпсэуэу зы ильэскIэ Урысей Федерацэм щыIэну хуитхэри. Ауэ апхуэдэу къыхэтхыкIынущ хиубыдэркъым дипломатхэр, Урысейм щыIэ дунейпсо Iуэхущ-IапIэхэм щылажьэу хамэ къэралым я правительствэхэм, парламентым я лIыкIуэ гупхэм щыщхэр.

Урысей Федерацэм и гражданину зэпымыуэ хамэщ щыпсэуэхэр ныкъэхэтхыкIыныгъэм къыщIэлыгъэхэр къыщIэкIэ, псальэм папщIэ, упихуэ е уи щыпхьу хамэ къэрал гуэрым и гражданиным унагъуэ дигъуэтэрэ, абы и деж щыпсэну кIуам, Урысей Федерацэм и гражданствэр ихьу-ма пэтми, ар мы гъэм екIуэкIыну Урысейпсо къыхэтхыкIыныгъэм ятхыну цIыхухэм хиубыдэнукъым.

Мыгъэрей къыхэтхыкIыныгъэхэр егъэкIуэкIыным лъабжьэ хуохьу къэралым и дэтхэнэ унэ-льапсэри. КъыхатхыкIыр цIыхухэр ара щхьэжьэ, ахэр къыхатхыкIыным и лъабжьэр абы я псэупIэхэращ. Абы къыкIыуи, псальэм папщIэ, гъэуэщу жыпIэмэ, щымахуэм е гъэмахуэм фIэкIа уздэмыкIуэфынухэм къыхэтхыкIыныгъэхэр щекIуэкIыфынущ зэманыр дуней щытыкIэр зыхуэдэм елытауэ щаубзыхуэн папщIэщ апхуэдэ пIалъэ кIыхьыр Iуэхум щыхухахар. Ар икIи гурыIуэгъуэщ - къэралыр егъэлеяуэ инщ, зэрыжаIэщи, и зы кIапэр гъэмахуэмэ, абы пэзанщIэр - щымахуэщ.

Мы гъэм екIуэкIыну Урысейпсо къыхэтхыкIыныгъэм ятхын хуейщ Урысей Федерацэм и щIналъэм зэпымыуэу щыпсэу дэ- Iэнэрэн хамэ къэрал пIалъэхэ, лэжьыгъэ IуэхукIэ е абы щедежну зы ильэсмыхъэнэшхуэ иIэщ мэкъумэщ хозяйствэм и политикэр зэрыщIэкIынымкIэ, къэралым ерыскъыхэкI щынагъуэнщагъэр зыхуэдизу зыгъэпытынхэр къахутэнымкIэ. ГурыIуэгъуэщ лэжьэгъуэ ныбжьым ятеуэ щыгъуэ жыпIэмэ, ар зэрыгъуэгъуэ щыIэ щыгъуэ къыкIуэу бюджетым и къэралым и властым хуигъэуба кьалэнхэр игъэзащIэу хамэ къэрал щIэн ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щы-Iэмэ, ари абы и унагъуэм щыщхэри ятхын хуейщ.

КъыхэтхыкIыныгъэм щыщIыхатхыкIам, бжыгъэхэм кьагъэльэгъуат къэралым щыIуу щыпсэум куэд зэрыхэщIар (1989 гъэм елытауэ цIыху мелуан 1,8-рэ чмт), дунейм сабийуэ кьытехьэри зэрымащIэр щыIэ кьищIат а къыхэтхыкIыныгъэм. А щытыкIэхэм власт-тыр ирихуIащ демократие политикэм зегъэубгъыным - сабиитI е нэхъыбэ зыгъуэтахэм «анэм и ахьшэ» етын хуейуэ унафэ кьащтащ.

Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым Урысей Федерацэм и щIналъэхэм Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу яIэрыхьэн хуей ахьшэр абы щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьвуэ ямыхьэрабжыр. Араущ дэтхэнэми и фейдэ щIыхьэлыр езыри и Iыхьлы-благъэхэри къыхэтхыкIыным.

Зы кьалэм, куейм щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьауэщ абы и бюджетым и инагъыр зэрагъэзывыр: ари абы и уху-ныгъэхэм, и социальнэ Iуэхущ-IапIэхэм (сабий садхэм, школхэм, сымаджэщхэм, н.кь.) ахьшэу хуаутIыпщыныр зыхуэдизри.

Щыхуэхэм я ныбжьыр зыхуэдизри къыхатхыкIын хуейщ, къэблагъэ ильэс зыбжанэм сыт хуэдиз пенсие кIуэнуми къэралым Iуэхущ-IапIэхэр щыгъуазэу, а Iуэхум хуэхьэсыру щытын папщIэ. Пенсие этын хуей сом бжыгъэр убзыхуным и мызакъуэ, naIуэ мэхъу сыт хуэдиз лэжьакIуэ къэралыр хуэныкьуэ хьунуми.

Лэжьыгъэ Iэнатlэм и Iуэхухэм, Iэпхъуэщапхъуэ щытыкIэхэм пыща политикэр тэмэму пхуэубзыхунукъым лэжьыгъэмкIэ рынокыр зэрыт щытыкIэм щыщыгъуазэу, сыт хуэдэ щIналъэм лэжьапIэншэу сыт хуэдиз щыпсэуми къумыхутауэ. Транспортыр Iэнатlэм, лэжьапIэншэхэр егъэджэным текIуэдэну ахьшэр зэлытауэ щытынур къыхэтхыкIыныгъэхэм кърикIуаэр.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэу цIыху бжыгъэр зэрызэщхьащIыкI щыкIэм мэхъыжьыр иIэщ мэкъумэщ хозяйствэм и политикэр зэрыщIэкIынымкIэ, къэралым ерыскъыхэкI щынагъуэнщагъэр зыхуэдизу зыгъэпытынхэр къахутэнымкIэ. ГурыIуэгъуэщ лэжьэгъуэ ныбжьым ятеуэ щыгъуэ жыпIэмэ, ар зэрыгъуэгъуэ щыIэ щыгъуэ къыкIуэу бюджетым и къэралым и властым хуигъэуба кьалэнхэр игъэзащIэу хамэ къэрал щIэн ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щы-Iэмэ, ари абы и унагъуэм щыщхэри ятхын хуейщ.

Щыхуэхэм я бжыгъэм, ахэр щыпсэу щынальэхэм я лэжьапIэншэхэр зыхуэдизым, лэжьыгъэ Iэнатlэу щыIэхэр зыхуэдэм Iупщу кьегъэльагъэу Iуэхутхэбзэ щалэжь Iэнатlэм егъэгъуэтын хуей зэхьуэжьыныгъэхэр зэрыубзыхупхъэр. Абы мыхъэнэшхуэ иIэщ хьэрыуэтэщIэ мащIэ щхьэхуэбжьэну зыгъэгъэзырхэр я дежкIи апхуэдэ хьэрыуэтэщхэм ядэIэпыкъу Iуэхущ-IапIэхэм (ахьшэхъумапIэхэм, правительствэхэм) я дежкIи.

КъыхэтхыкIыныгъэм кърикIуэ бжыгъэхэм жылагъуэр нэхъ тегушхуауэ лэжьэн хуэдэу къызэрагъэпэщ. Псальэм папщIэ, щIалэгъуалэ зэгухьанымкIэ, хэхэсхэм я лъэпкъщэнхабзэ центр къызэрагъэпэщ

●КъыхэтхыкIыныгъэ-2010

Iуэхур зэрекIуэкIынур

пэщыныр е зи узыншагъэ кьимыгIасэхэр зэгуэгъэзэкIынымкIэ зыми ягъэ къэмылкIынкIи хьунущ, къыхэтхыкIыныгъэм кърикIуаэхэр ильагъуэу.

Хэхьныгъэ къызэрыгуэнкIэр щекIуэкIым и деж кандидатым и хьыбар щыIэтэ агитаторхэм жылагъуэхэр къызэхакIухь. Ар уи унагъуэ кьеблэгъанэмэ, дакъикьитху хуэдизу тригъэкIуадэу аращ кандидатыр уигъэцIыхуным. Ауэ къыхэтхыкIыныгъэр щекIуэкIэ уи деж кьеблагъэ лэжьакIуэм уэ уи хьыбар хуболуатэ икIи ар жыпIэм къодаIэу. Ар аращ къыщIэкIуари, дакъикьэ 15 хуэдизу кьыптрегъэкIуадэ. Ауэ а дакикъэ 15-м уэ уи макъ кьыщIэдэIур абы и закъуэкым - жылагъуэ псом уэ жыпIэр зэхех.

Сыт хуэдэ къыхэтхыкIыныгъэми къыркIуэ псори гъэщIэгъуэнщ, а бжыгъэхэм дэтхэнэми щыгъуазэ зищIысIынущ, абы-хэм Iупщу кьагъэльагъуэ къэралым сыт хуэдэу зихъужьми уэ дапхуэдэу упсэуми.

КъыхэтхыкIыныгъэм щыщIыхатхыкIам, бжыгъэхэм кьагъэльэгъуат къэралым щыIуу щыпсэум куэд зэрыхэщIар (1989 гъэм елытауэ цIыху мелуан 1,8-рэ чмт), дунейм сабийуэ кьытехьэри зэрымащIэр щыIэ кьищIат а къыхэтхыкIыныгъэм. А щытыкIэхэм власт-тыр ирихуIащ демократие политикэм зегъэубгъыным - сабиитI е нэхъыбэ зыгъуэтахэм «анэм и ахьшэ» етын хуейуэ унафэ кьащтащ.

Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым Урысей Федерацэм и щIналъэхэм Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу яIэрыхьэн хуей ахьшэр абы щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьвуэ ямыхьэрабжыр. Араущ дэтхэнэми и фейдэ щIыхьэлыр езыри и Iыхьлы-благъэхэри къыхэтхыкIыным.

Зы кьалэм, куейм щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьауэщ абы и бюджетым и инагъыр зэрагъэзывыр: ари абы и уху-ныгъэхэм, и социальнэ Iуэхущ-IапIэхэм (сабий садхэм, школхэм, сымаджэщхэм, н.кь.) ахьшэу хуаутIыпщыныр зыхуэдизри.

Щыхуэхэм я ныбжьыр зыхуэдизри къыхатхыкIын хуейщ, къэблагъэ ильэс зыбжанэм сыт хуэдиз пенсие кIуэнуми къэралым Iуэхущ-IапIэхэр щыгъуазэу, а Iуэхум хуэхьэсыру щытын папщIэ. Пенсие этын хуей сом бжыгъэр убзыхуным и мызакъуэ, naIуэ мэхъу сыт хуэдиз лэжьакIуэ къэралыр хуэныкьуэ хьунуми.

Лэжьыгъэ Iэнатlэм и Iуэхухэм, Iэпхъуэщапхъуэ щытыкIэхэм пыща политикэр тэмэму пхуэубзыхунукъым лэжьыгъэмкIэ рынокыр зэрыт щытыкIэм щыщыгъуазэу, сыт хуэдэ щIналъэм лэжьапIэншэу сыт хуэдиз щыпсэуми къумыхутауэ. Транспортыр Iэнатlэм, лэжьапIэншэхэр егъэджэным текIуэдэну ахьшэр зэлытауэ щытынур къыхэтхыкIыныгъэхэм кърикIуаэр.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэу цIыху бжыгъэр зэрызэщхьащIыкI щыкIэм мэхъыжьыр иIэщ мэкъумэщ хозяйствэм и политикэр зэрыщIэкIынымкIэ, къэралым ерыскъыхэкI щынагъуэнщагъэр зыхуэдизу зыгъэпытынхэр къахутэнымкIэ. ГурыIуэгъуэщ лэжьэгъуэ ныбжьым ятеуэ щыгъуэ жыпIэмэ, ар зэрыгъуэгъуэ щыIэ щыгъуэ къыкIуэу бюджетым и къэралым и властым хуигъэуба кьалэнхэр игъэзащIэу хамэ къэрал щIэн ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щы-Iэмэ, ари абы и унагъуэм щыщхэри ятхын хуейщ.

Щыхуэхэм я бжыгъэм, ахэр щыпсэу щынальэхэм я лэжьапIэншэхэр зыхуэдизым, лэжьыгъэ Iэнатlэу щыIэхэр зыхуэдэм Iупщу кьегъэльагъэу Iуэхутхэбзэ щалэжь Iэнатlэм егъэгъуэтын хуей зэхьуэжьыныгъэхэр зэрыубзыхупхъэр. Абы мыхъэнэшхуэ иIэщ хьэрыуэтэщIэ мащIэ щхьэхуэбжьэну зыгъэгъэзырхэр я дежкIи апхуэдэ хьэрыуэтэщхэм ядэIэпыкъу Iуэхущ-IапIэхэм (ахьшэхъумапIэхэм, правительствэхэм) я дежкIи.

КъыхэтхыкIыныгъэм кърикIуэ бжыгъэхэм жылагъуэр нэхъ тегушхуауэ лэжьэн хуэдэу къызэрагъэпэщ. Псальэм папщIэ, щIалэгъуалэ зэгухьанымкIэ, хэхэсхэм я лъэпкъщэнхабзэ центр къызэрагъэпэщыныр е зи узыншагъэ кьимыгIасэхэр зэгуэгъэзэкIынымкIэ зыми ягъэ къэмылкIынкIи хьунущ, къыхэтхыкIыныгъэм кърикIуаэхэр ильагъуэу.

Хэхьныгъэ къызэрыгуэнкIэр щекIуэкIым и деж кандидатым и хьыбар щыIэтэ агитаторхэм жылагъуэхэр къызэхакIухь. Ар уи унагъуэ кьеблэгъанэмэ, дакъикьитху хуэдизу тригъэкIуадэу аращ кандидатыр уигъэцIыхуным. Ауэ къыхэтхыкIыныгъэр щекIуэкIэ уи деж кьеблагъэ лэжьакIуэм уэ уи хьыбар хуболуатэ икIи ар жыпIэм къодаIэу. Ар аращ къыщIэкIуари, дакъикьэ 15 хуэдизу кьыптрегъэкIуадэ. Ауэ а дакикъэ 15-м уэ уи макъ кьыщIэдэIур абы и закъуэкым - жылагъуэ псом уэ жыпIэр зэхех.

Сыт хуэдэ къыхэтхыкIыныгъэми къыркIуэ псори гъэщIэгъуэнщ, а бжыгъэхэм дэтхэнэми щыгъуазэ зищIысIынущ, абы-хэм Iупщу кьагъэльагъуэ къэралым сыт хуэдэу зихъужьми уэ дапхуэдэу упсэуми.

КъыхэтхыкIыныгъэм щыщIыхатхыкIам, бжыгъэхэм кьагъэльэгъуат къэралым щыIуу щыпсэум куэд зэрыхэщIар (1989 гъэм елытауэ цIыху мелуан 1,8-рэ чмт), дунейм сабийуэ кьытехьэри зэрымащIэр щыIэ кьищIат а къыхэтхыкIыныгъэм. А щытыкIэхэм власт-тыр ирихуIащ демократие политикэм зегъэубгъыным - сабиитI е нэхъыбэ зыгъуэтахэм «анэм и ахьшэ» етын хуейуэ унафэ кьащтащ.

Зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым Урысей Федерацэм и щIналъэхэм Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу яIэрыхьэн хуей ахьшэр абы щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьвуэ ямыхьэрабжыр. Араущ дэтхэнэми и фейдэ щIыхьэлыр езыри и Iыхьлы-благъэхэри къыхэтхыкIыным.

Зы кьалэм, куейм щыпсэу цIыху бжыгъэм тещIыхьауэщ абы и бюджетым и инагъыр зэрагъэзывыр: ари абы и уху-ныгъэхэм, и социальнэ Iуэхущ-IапIэхэм (сабий садхэм, школхэм, сымаджэщхэм, н.кь.) ахьшэу хуаутIыпщыныр зыхуэдизри.

Щыхуэхэм я ныбжьыр зыхуэдизри къыхатхыкIын хуейщ, къэблагъэ ильэс зыбжанэм сыт хуэдиз пенсие кIуэнуми къэралым Iуэхущ-IапIэхэр щыгъуазэу, а Iуэхум хуэхьэсыру щытын папщIэ. Пенсие этын хуей сом бжыгъэр убзыхуным и мызакъуэ, naIуэ мэхъу сыт хуэдиз лэжьакIуэ къэралыр хуэныкьуэ хьунуми.

Лэжьыгъэ Iэнатlэм и Iуэхухэм, Iэпхъуэщапхъуэ щытыкIэхэм пыща политикэр тэмэму пхуэубзыхунукъым лэжьыгъэмкIэ рынокыр зэрыт щытыкIэм щыщыгъуазэу, сыт хуэдэ щIналъэм лэжьапIэншэу сыт хуэдиз щыпсэуми къумыхутауэ. Транспортыр Iэнатlэм, лэжьапIэншэхэр егъэджэным текIуэдэну ахьшэр зэлытауэ щытынур къыхэтхыкIыныгъэхэм кърикIуаэр.

Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэу цIыху бжыгъэр зэрызэщхьащIыкI щыкIэм мэхъыжьыр иIэщ мэкъумэщ хозяйствэм и политикэр зэрыщIэкIынымкIэ, къэралым ерыскъыхэкI щынагъуэнщагъэр зыхуэдизу зыгъэпытынхэр къахутэнымкIэ. ГурыIуэгъуэщ лэжьэгъуэ ныбжьым ятеуэ щыгъуэ жыпIэмэ, ар зэрыгъуэгъуэ щыIэ щыгъуэ къыкIуэу бюджетым и къэралым и властым хуигъэуба кьалэнхэр игъэзащIэу хамэ къэрал щIэн ильэскIэ е нэхъыбэкIэ щы-Iэмэ, ари абы и унагъуэм щыщхэри ятхын хуейщ.

Щыхуэхэм я бжыгъэм, ахэр щыпсэу щынальэхэм я лэжьапIэншэхэр зыхуэдизым, лэжьыгъэ Iэнатlэу щыIэхэр зыхуэдэм Iупщу кьегъэльагъэу Iуэхутхэбзэ щалэжь Iэнатlэм егъэгъуэтын хуей зэхьуэжьыныгъэхэр зэрыубзыхупхъэр. Абы мыхъэнэшхуэ иIэщ хьэрыуэтэщIэ мащIэ щхьэхуэбжьэну зыгъэгъэзырхэр я дежкIи апхуэдэ хьэрыуэтэщхэм ядэIэпыкъу Iуэхущ-IапIэхэм (ахьшэхъумапIэхэм, правительствэхэм) я дежкIи.

КъыхэтхыкIыныгъ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Дзэлыкъуэ куей

Студентхэмрэ Думэн Хьасэнрэ Бырмамыт Гуащэкъарэ и пшынэм йодаIуэ.

Хамэ къэрал щыщ студентхэр Къармэхьэблэ щохьэщIэ

КъБР-м ХьыбарегащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа проектым ипкъ иткIэ, Къармэхьэблэ къуажэм иджыблагъэ щыхьэщIащ хамэщI щыпсэу адыгэхэм ящыщу ди хэкум щеджэ студентхэр. Абыхэм щыгъуазэ защIащ къуажэдэсхэм я псэухIэм, ди жылагъуэ нэхъ инхэм нобэ щызекIуэ хабзэхэм, школхэр, щэнхабзэм и унэр къызэкIухьащ.

ХьэщIэхэр къуажэ дэлъадэпIэм деж щрагъэблагъащ жылэр зэрыгушхуэ нэхъыжьхэм. Адыгэхэм зэрахабзэу, лъэпкъ фащэхэр зыщыгъ щIалэмрэ пащащэмрэ шыгъупIастэ хьэщIэхэм къыпрахьэжьащ. ЛъэныкъуитIри зэрыщIыхуа нэужь, къахуеблагъахэм захуигъэзащ Къармэхьэблэ жылэм къыдэкIа, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Думэн Хьасэн. Абы и псалъэхэм къыхэщащ дуней псом щикъухьа ди лъэпкъэгъуэр зэрыубыдыжьын зэрыхуейр, яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри зэрегъэфIэкIуапхъэр.

ГуфIэгъуэ зэIуищIэм хэтащ куей администрацэм щэнхабзэмкIэ и кIудамэм и унафэщI Кьалэ Хьызыр, Къармэхьэблэ къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Бей Iуиес, егъэджэныгъэмкIэ куейм кIудамэм и унафэщI Нэгумэ Лейлэ, къуажэдэс нэхъыжьхэм ящыщ Гувэжыкъуэ Ахьмэд сымэ. ХьэщIэхэр япэ щыкIэ яшащ къуажэм дэт, Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ № 3-м. Абдежым абыхэм хъыщкьэрт еджапIэм и унафэщI Аслъэн Майе. Абы гупым яригъэпьагъущ сабийжмрэ ныбжьыщIэхэмрэ бэнэкIэм зыщыхуагъасэ пэшыр, школым и музейр. Псори афIэгъэщIэгъэну елпьащ пасэ зэманым адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта унэльащIэхэм, хьэпшыпхэм, еджакIуэхэм хадыкIахэм, къуажэм къыдэкIа щIэныгъэлIхэм ятеуху хъыбархэр щызэхуэхьэса пIлIэнэпэм, апхуэдэу Хэку зауэшхуэм теухуауэ еджакIуэ цIыкIухэм зэхуэхьэсыжа тхыгъэхэм, сурэтхэм. Абы-рычэтым здыпэрысым, ди республикэм щыцIэрыIуэ а бзылъхугъэм и гъащIэ и къэкIуэкIыкIам хьэщIэхэр кIэщIу щыгъуазэ ищIащ Думэн Хьасэн. Иужьым, Бырмамытым и пшынэр кьищIэтэри, кьыхуеблагъахэр адыгэ макъамэ дахэхэм щыгъэзэдIуащ. Нанэм и Iэпэхэр нэр темыплIыу пшынэ Iэпэхэм ирижэрти, абы къыхуалъхуауэ зэрыщыстыр нэрылъагъут.

Гуащэкъарэ и деж къыдэкIыжа нэужь хэзащIэхэр яшащ «ПсынащхьиблкIэ» зэддж щIэпIэ дахащэм. ХьэщIэхэм ябзыщIакъым ар зрагъэпьагъуным куд щIауэ щIэхъуэпсу зэрыщытар икIи абы зэрашам хуабжьу зэрыщыгуфIыкIыр.

Абдеж зыщагъэпIлъыхьри, щIалэгъуалэр яшащ школ №1-м. Абы и унафэщI Бэлагъы Альбертрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ бжэIупэм деж хьэщIэхэм къащежьэрти, ахэр школ музейм ирагъэблагъащ. Студентхэм афIэгъащIэгъуэну едэIуащ бысымхэм къаIуэтэжа хъыбархэм. Апхуэдэу ахэр щыгъуазэ ящIащ тхыдэм зи цIэр къыхэна я лъахэгъу щIэрыIуэхэу Нэгумэ Шорэ, Къэшэж Тlалиб, Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан, Къэшэж Иннэ сымэ я къэкIуэкIыкIам.

ХьэщIэхэр зэрыграгъэун я мащIэтэкъым бысымхэм. А псом я кIэухыу Дзэлыкъуэ куейм щэнхабзэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм кьыззрагъэпэща концертми ирагъэплIащ. Абы зыкъыщагъэльэгъуащ «Ислъэмей», «Арт-Синдикъ» ансамблхэм, уэрэджьыакIуэ Къуэдзокъуэ Алим сымэ. Концертым гукъыдэж къаритри, хьэщIэхэм я зэфIэкIуныгъэ щагъэлъагъэуэну тегушхуащ. Апхуэдэу Тащджы Ясин пшынэр кьищтри зы кьафэ дахэ кьахуеуащ. Концертым и кIэухыу адыгэ джэгу яублэри, мыбдежми студентхэм я лъэгу щIагъэплIащ бысымхэр.

КъахуэкIуахэр хьэщIэщымкIэ ирагъэблагъэри, щыгъупIастэ Iэнэ кьыхуащIтащ, Iэнэм щызекIуэ адыгэ хабзэхэми щыгъуазэ ящIащ. ЛъэщIэхэм фIыщIэ хуащIащ ныкъыщIэдблагъэ жьлэмкьым щыпсэухэмрэ зэIуищIэр къызэзыгъэпэщащхэмрэ.

Студентхэр куейм къэзыщашхэм ихэтащ ХьыбарегащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэм и кIудамэм и унафэщI Нанэ Лерэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ департаментым и унафэщI КIырашин Анзор, хамэ къэрал къикIа студентхэм ядэлажьэхэу Тэтэр Раметэ, Нэрзан Марьянэ сымэ.

НыбжьыщIэхэм къахуэщхьэпэн мы Iуэхур къызэрагъэпэщащ КъБР-м Хьыбарегащ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкъо щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым, Къбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

ДЗЭГъАЩТЭ Азэмэт.

ЩIалэхэр Псынащхьиблым кIуащ.

● Къэрал Iуэху

Зеиншэхэм зыщIагъакъуэ

Къэралым кIуэ пэмм нэхъ къаруушхуэ ирехьэлIэ сабий зеиншэхэм, зыпIым ямыIэу кьэнахэм, абыхэм яхуэбгьадэ хьуну ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъуным. Абы и щыхьэтщ мурад пыухыкIам хуэгъэзауэ 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьашта «2008 - 2012 гъэхэм псэупIэкIэ къызэгъэпэщын» республикэ законым мы гъэм хагъэхьа зэхъуэкIыныгъэхэр.

АБЫХЭМ кьыщыгъэпьэгъуащ:

- зи гугъу тщIы сабийхэм я псэупIэ Iуэхур зэфIагъэкIын папщIэ федеральнэ бюджетым и мылькyр къэгъэсэбэпыныр;

- федеральнэ, республикэ бюджетхэм я хьэкIэкIэ апхуэдэ сабийхэм фэтэр куэду зэхэт гнэхэр яхуэхуэныр;

- федеральнэ, республикэ, щIыпIэ бюджетхэм я хьэкIэкIэ сабий зеиншэхэм, зыпIым ямыIэу кьэнахэм, абыхэм яхуэбгьадэ хьуну ныбжьыщIэхэм псэупIэ зэнхэр (фэтэрхэр) кьахуэщIэхуныр е хуаухуэныр.

Апхуэдэ щыкIэкIэ зи гугъу тщIы сабийхэу 1303-рэ псэупIэкIэ къызэрагъэпэщыну ябзыхуащ, Мурадым ахъщэм и кьыхэкIыпIэ псоми щыщу сом зы мелардэ мелуан 818,9-рэ хуэхахуащ.

Зи ныбжьыр илъэс 17-м injа апхуэдэ сабийхэр, псэупIэ иратын хуейуэ учетым щытхэр, Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыпIэ псоми кьыщыхатхыкIынущ. Абыхэм ящIыгъуажьи хуейщ псэупIэ иратынымкIэ льготэ зиIэхэри - сабий 6107-рэ.

2009 гъэм мы Iуэхуэм республикэм щытрагъэкIуэдащ сом мелуан 15. А ахъшэмкIэ псэупIэ кьыхуащIэхуащ чэзум хэт ныбжьыщIэхэу 8-м. 2010 гъэм а бжьыгъэ сом мелуан 50 хьунущ.

2009 гъэм кьыщыщIэдзащ Налшык Кьалмыкъым и щIэр зезыхьэ уэрэмым тет общежитыр зэрагъэпэщыж фэтэр 60-у зэхэт унэу. ПсэупIэхэр иратынущ сабий зеиншэхэм, зыпIым зимыIэу кьэнахэм, абыхэм яхуэбгьадэ хьунухэм.

Апхуэдэу кьэдгъэлъэгъунэщ 2009 гъэм и дыгъэгъазэмрэ 2010 гъэм и фокIадэмрэ федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу зэм сом мелуани 2-рэ мин 67-рэ, етIуанэм щыгъуэ сом мелуани 7-р мин 854-рэ 225-рэ республикэм кьызэрыкIуар. Аэр зытрагъэкIуэдэнур зи гугъу тщIа сабийхэм псэупIэхэр кьахуэщхуныщ.

ГъУКIАКЪУ Э Инал.

Бэчмырзэ и музейм

«Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэт ныбжьыщIэхэр зэпымыууэ хущIокъу япэ ита тхакIуэхэм я гъащIэмрэ я творчествэмрэ нэхъыфIу щыгъуазэ зэрызащIыным, абыхэм ятеухуауэ еджапIэхэм щаджамрэ кьыщащIамрэ зэрыхагъэхьуным. Щыпсэуа унэхэр, уэрамхэр, я кхъащхьэхэр зрагъэльагъу, ятеуху а литературэ зэхьыхьэхэм, ирагъэкIуэкI пщыхьащхьэхэм хэмыту кьагьанэрэкьым, зыщымыгъуазэхэр музейхэм кьызэрыщащIэным ящхь итщ.

Хъуэжэ Жаннэ, Жамбэч Рабия, ПащIэ Ленэ, Хьэх Сэфарбий, ГъуэIэкъул Иринэ, Гуфуэт Заремэ сымэ.

МЫ МАЗЭМ ахэр щыащ республикэм и литературэ музейм, ди щIыпIэм щыпсэуа, щыпIэжа урыс тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ щэрыIуэ Вовчок Марко и музейм, а пщIантIэм дэт и фэеплъымрэ и къхащхьэмрэ зрагъэлъагъуащ. Апхуэдэуи хасэм щыщ зы гуп иджы дыдэ щыIащ лъэпкъ тхыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ уэкIуэ щIэрыIуэ ПащIэ Бэчмырзэ и музейм, Къэбэрдей-Балъкъэр Лъэпкъ музейм и кIудамэу езыр щыпсэуа и лъапсэжьым (Нартан къуажэ) кьыщызэрагъэпэщам. ТхакIуэ, у сакIуэ ныбжьыщIэхэм гуапэу кьапежьащ Бэчмырзэ и ныкъэ, музейр кьызэзыгъэпэща, иджы и унафэщI ПащIэ Ленэрэ абы ипхъу Светланэрэ.

Ленэ хьэщIэхэм яригъэльэгъащ усакIуэм кьигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэу, Iэмэпсымэхэу, Iэрытхэху, уэрэтх эу музейм щахьымэр. Ленэ гъэхуауэ тепсэльыхьащ Бэчмырзэ зыхэта зэIуащIэм, зыхуэза щыхуящхэм, зыхуэза щыхьэм и мызакъуэу, ар зыпIэрыгъа нэгъуэщI пхэкIыгъэхэм.

МашIэкъым езы ныбжьыщIэхэр зыщIэупщIари. ЯгъащIагъэу яхуэмыухыр зыщIыпIи щемыджа, щIэныгъэ зыбгъэдэмыльа адыгэ лIыхьым я нэхъ щIэныгъэ хуиIэ еджагъэшхуэхэм я акъылымрэ я гупсысэмрэ зэдыкъэшыпIу ящIыгъэ зэ ящIэ уэсэрэ щIэныгъэ зрыхь уэрэфIэкIаратI. АрщхьэкIэ Ленэ ар иданэсыж.

- Хьэуэ,- жиIащ абы,- дадэ емыджауэ, щIэныгъэ бгъэдэмыльауэ зи гугъэр хуабжьу щоуэ. Абы зыхэпшыбгъэр еджапIэм щыщыдджажэм нэхърэ мынэхъыкIэу ищIэрт. Ирипсэльэф кьуейуэ кьэмынэжу, Iэзэуи ритеэрт, хьэрыпI щIэныгъэлIхэм я тхыльхэр щиджыкIат. Хьилмышхуэт ар абы щыгъуэ. ИтIанэ, фэри фщIэуэ кьыщIэкIынщ, Бэчмырзэ тIолъхуэныкьэгъуэ иIащ Хьэжмырзэ и цIэу. Хьэжмырзэ щыщуэмэ эт, Мысырым, Каир еджапIэ нэхъыщхьэ кьыщиухауэ щIэныгъэшхуэ бгъэдэлът. Кьыдальхуэхэм, я щIэблэм, езыр фIыуэ зыщIыхуэу щытахэм яIуатэу зэрыпсэхэсхьжамкIэ, Бэчмырзэ и кьуэшым и деж куэдрэ «щыкIуэдырт» - щеджэрт мыувыIэу. ЩIыгъу азэхэм жаIэрт и егъэджакIуэм бгъэдэта щIэныгъэм хуэдиз дыдэ езы Бэчмырзэ зригъащIауэ?

Музейм зэрызрагъэужьыным теухуауэ ялэжьыну яубзыхуахэм тепсэльыхьащ Ленэ. И мурадхэр кьехъулIэмэ, ар зэманкуэд дэмыкIыну, щэнхабзэм и жьантIэ хьунущ.

Бэчмырзэ и музейм щызэхэта зэIуащIэм уэсэ куэд щыIащ. «Шыхъ лъагъуэм» хэтхэу Жамбэч Рабия, Гуфуэт Заремэ, Хьуэжэ Жаннэ, Къэршей-Шэрджэс Республикэм щыщу ди университетым ще-джэ ГъуэIэкъуэ Иринэ сымэ езыхэм я Iэдакъэщ IэкIэхэми ПащIэ Бэчмырзэ итхахэми кьеджащ. ПащIэм и уэсэхэм хьэщIэхэм кьахуеджащ езы Лени и пхъурылъху цIыкIу Сабинэ.

ТхакIуэ ныбжьыщIэхэм музейм кьакIуэхэм я тхэ гъащIэ кьыззрэнэ тхылъым иратхащ ильэгъуари зэхахари хуабжьу ягу зэрырихьар, усакIуэшхуэм теухуауэ ямыщIэ куэдым мыбы щыгъуазэ зэрыщыхьар. Я уэсэ, рассказ нэхъыфIэр щызэхуэхьэсауэ мы гъэм кьыдагъэкIа «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъыр музейм тыгъэ хуащIащ, фэеплъ суэрти зытрагъэхащ.

АКЪС АКЪ Темыр.

● Зэпеуэхэр

ЗэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэ

2010 гъэм и фокIадэм щегъэжьауэ дыгъэгъазэ хуху УФ-м и щIыналъэ псоми щекIуэкIыныщ хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ дунейпсо олимпиадэ. Абы хэтыныщ щIэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт щызрагъэгъуэт еджапIэхэм я студентхэр. Апхуэдэуи олимпиадэр щекIуэкIынущ Къазахъстаным-рэ Украинэмрэ.

УРЫСЕЙМ щекIуэкIыну зэпеуэр ыхьыпIу зэхэпхыныгъуэ. ЩIыналъэхэм щытекIуэхэр 2011 гъэм мэлыжьыхь мазэм ирагъэблагъэнущ Москва щызэхэтыну кIэух зэIуащIэм.

«IT-Планета» зэпеуэр гъэ къэс Урысейм щрагъэкIуэкI УФ-м Связьымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, СпортымкIэ, туризмымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэм, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу хэгъэгухэм щыIэхэм я Аппаратхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэр кьыщIэзыгъэкI Iуэхущ IанIэ лъэрызехьэхэм.

Зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщхьэр УФ-м и щIыналъэм щыIэ властым, егъэджэныгъэ IэнатIэм, хъэрычэтыщIэ Iуэхуэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныгъ, хъыбарегъащIэ технологием ехьэлIауэ зрагъэгъуэт щIэныгъэм хэгъэхьуэн, ныбжьыщIэ зэчиныбгъэхэм я жэрдэмыр зэрыгъэгъын, IT-IуэхущIапIэхэр IэщIагъэлI ныбжьыщIэкIэ кьызэгъэпэщын папщIэ.

Зэпеуэр егъэкIуэкIыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуэр хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ урысей зэгухьэныгъэхэрщ.

КъБР-м Хьыбарегъащ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Газетеджэхэм я усэхэр

ГущIэм зыпхьзыдз сатырхэр

ЗИ САБИИГЪУЭРИ щIалэгъуэри гукъеуэрэ гугъуэхьэрэ щымыщIа, гъащIэм и дыджыр лъэныкъуэ псомкIи игъэнэхуу, и IэфIым щыщ куэд кьызылъымысса цIыхум, и нэгу щIэкIамрэ игъэвамкIэ нэгъуэщIхэм ядэгъуэшэну и мураду, и ныбжь хэкIуэтами, кьалэм кьыщтэу ахэр усэ сатырхэмкIэ кьыщиIуэтэжым деж, а тхыгъэхэр усыгъэм и мардэхэм, фащэхэм кьимытIасэми, зи гугъу кьыпхуищIыр хьэкъыу уи фIэщ хьурэ удихьэхыу, уи гурыщIэхэри япэджэжу укъоджэ.

Апхуэдэ усэхэщ Азычэ Лалусэ редакцэм кьихьу дызригъэпIлъахэр.

Бахьсэн куейм хьихьэ Абзуанхьэблэ (Къудлъкъужьи Ипщэ) къуажэм кьыщалъхуа бзылъхугъэм и адэ Мухьзж Хэку зауэшхуэм эхкIуэдащ. Ди нэхъыжьхэм иджыри фIыуэ ящIэж хъунщ зауэ зэманымрэ абы ихъь ильэс хьэпшыпхэмрэ адэр кьыпщихьэщымытын жьыхуIэр зыхуэдэу щытар. КъыкIэлъыкIуэнум зи гьащIэр тэмэму зэтемыуа щIыхубзым игъэва псор уи нэгу кьыщIэбгъэхьэн папщIэ, ахэр е езым кьебгъэIуэтэжын, е абыхэм ятритхыхьа усэхэм кьеджэу уедэIуэн хуейщ.

ИтIанэ, гуауэ дыджкрэ бзылъхь Iэджэу и нэгу щIэкIаэхэм яблоплъыкIыфри, Лалусэ гъащIэм и дахагъэ гуэрхэри кьыхуолъагъу икIи а дахагъэхэмкIэ щыхуэхэм яхуоупсэ.

Азычэм и Iэдакъэщ IэкIхэм ящыщу нобэ би пащхьэ итлъхьар абы итха куэдым щыщ зы машIэщ. Ди гуръэщ а зы машIэми кьигъэльагъуэфу усакIуэм и гурыгъуэ гурыщIэхэмрэ щыщ.

ГущIэм зыпхьзыдз сатырхэр

* * *

Щыпсэм игъэщтыIуэ мыл Iувыжьхэр
Яхуэмыхьыжьхэхэу кьызэгуоч,
Сыт сэ сщIэнур, гъащIэм и нэщIэбжьэр
Сигу кьэбэгъим афIэкI хуэмышIэ.

Зэгуэр IэщIэкIаэу щыуагъэ
Ара ноби щыхэтыр псэр бэлыхьым,
Кьысхуэмыльэтыжу и хьэпылагър,
Схуэмыпшынькьхьхуэу и гуэныхьыр?..

Адэм и псалъэ Iэфхэр зэхэзых сабийм
Сехьуапсэ защIэу сытетащ дунейм,
Сыщиувами балигъыпIэм
КьызэхъуIакъым си хьуэпсапIэр.

Жейм сибгынауэ жэщ гугъусыгъум,
Iэпэгъу кьысхуэхъу нэпс псыхьэлIыгъуэм
Си нэкIущхьэм щыпхишу лъагъуэ,
Дэрэжэгъуэншэу схьащ щIалэгъуэр.

ДэкIами ильэс куэд альандэм,
Сыкъэхуащи симыIэжу адэ,
Ар стезыха лIыужI фашистым
Иджыри кьэс изох нэлатыр!

АДЫГЭ ПЩАЩЭ

Сыхуейщи ди адыгэ хьыджэбзхэм
Я нэмысыр яIыгъыну,
Зыхьихь гупым екIуу, кьабзэу,
АкьылыфIэу яхэ тыну.

ПимылыкIым и Iэбжьанэр,
ЩIхьэщыр тIуэу иухуэным,
Ар кьилъхуащ адыгэ зиIэм,
ЖаIэу кьаплъэм кьащIыхунущ.

Фызот чэнджэщ жагъуэгъу
къэмылыпхьу эну,
ЖагъуэгъуэгуфIэ хь уи фымылэжьыну.

Фыхэт и куупIэм гъащIэм
НыбжьэгъуфIхэр тельу фи напщIэм!

Тхьэм фигъэпсэу!

ХузощIыр щIыхь ди Адэ хэкум,
Хунтыныгъэр щIыхуи езытам,
Хуеджэфыну нэхъ нрихьым и гум
Ди щIэпсэлъэныгъэ хуэупсам.

Сыт жэдиз гугъуехьми пэлъэшу,
Есащ щIыхухэр зэхтыфу мы гъащIэм.
КIуэи еплъыт Бахьсэн сымаджэщым,
Удекьэ х я лэжьэкIэм щIэблэщIэм.

Яхуэфащэщ фIыщIэ нэгъэсауэ
Уэ зыпльэIэсахэр зыгъэхьужьэм.
Гукъыдэжьыр я псэм халъхьэжауэ,
Сымаджэжэр я унэ зыгъэкIуэжхэм.

Кьыпфlэщынкlэ хьунущ сымаджэщым
Псори щызэшыгъуэу, щынэщхьейу э.
Уи узыгъуэ зи зыри пэмыльэщу
УщIатхыкIыжьынкIэ упIейтейуэ.

КьызэдаIуэт зыкIи умыдзыхэу,
Ухъужьнущ у эри сэщхьыркъабзэу,
�IэкIэ кьэIэбэу ещхьу пщхьащхам,
ПщагъэгупщIжьынущ уиIа узыр.

Зэрыгъэсэжауэ бзэ IэфI защIэщ
Я дохутыри я мастэхэIуи.
Гугъу кьыбдехьуи зыкъуамыгъащIэу,
Хуопэжьфхэр зэ я ятхъэрыIуэм.

Щрет мамыру сэ си Адэ хэкур,
Щремыlэ зауэ щIы хьурейм.
Гу апагъэкIэ ягъаблэу лъаэ жьэгур,
Щрекуэд щыхуфIэр мы дунейм!

Тхьэм фигъэпсэу! - в жызоIэ псомн,
Зи Iэщагъэм и хьер зыльагъунхэ!
Дыхьэ защIэу щыхуэхэм я гум, я псэм,
ГъащIэ гъу эпу узышIэ къэзыкIунхэ!

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и Iуэхущ Дыщэкl Соня, редактору Жылаз Заурбэч, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхытIыкIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.). КомьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* ГъуэIэлI Рае, Щомахэу Марианнэ, *суэртхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Жылаз Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардан Маритэ, Истэпан Залинэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIыкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къытхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щIыпIэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеим - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьигъэхэм, кьыщаIэта Iуэхухэмрэ я тхыгъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткьым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пир дольщ КъБР-м федеральэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленим.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрипмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-р къыдокI.

1905 гъэм щыта Революцэм и щIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Тиражым 10.125 ● Заказ №2708

● Наркополицэм къет

Щхъуэхь куэд къытрах

Республикэм и наркополицейхэм Бахьсэн къалэм къыщытрахащ наркотик зыхэлъ IэфIыкIэм къыщагъэсэбэп Iуэщхьэ куэд. Абы теуху уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Къыхэлъэщыныр, а наркотик лIэужьыгъуэр зэхъыбда дауэ, наркоманхэм я процент 80-м, ди щIыналъэм къыщагъэсэбэп.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къару ягъуэтащ «Урысыкъпхъэ Iуэхуфэ» Урысей Федерацэм и лъэпкъ стандартым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм. А лэжьыгъэр зэфIэзыахэм яхэтащ Къармэтикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъур. ЗэхъуэкIыныгъэхэр ялъэIэсащ пункт зыбжанэм. Псалъэм папщIэ, 4.1 Iыхьэм кьыщыгъэльэгъуа «урысыкъпхъэ Iуэщхьэм и жьлэхэр» «урысыкъпхъэ Iуэщхьэ» жиIэу яхъуэжащ. Наркополицейхэм зэрыжаIэмкIэ, урысыкъпхъэ Iуэщхьэм наркотик лIэужьыгъуэхэр хэльынр кьэзыгъэхъуным хуэгъэза ГОСТ Р 52533-2006-м щрубзыухуа техникэ Iэмалхэр зэхуэнатIащ урысыкъпхъэ Iуэщхьэ пэхьэтэу Урысей Федерацэм и щIыналъэм щхъуэхь кьрашэр гъэмэщIыным икIи земыгъэубгъуным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Щэнхабзэ

Хъуэжэ Жаннэ, Жамбэч Рабия, ПащIэ Ленэ, Хьэх Сэфарбий, ГъуэIэкъул Иринэ, Гуфуэт Заремэ сымэ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм ядоIэпыкъу

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм ирихьэлIэу Iуащхьэмахуэ куейм Iуэхугъуэ зыбжанэ щрагъэкIуэкIыныщ.

«ГУАПАГЪЭМ хуэха сыхьэт 72-рэ» республикэ акцэм ицкъ иткIэ, фокIадэм и 29-м Тырныауз къалэм жыг зэмылIэужьыгъуэхэр щыхасэнущ. Абы хэтыныщ Iуащхьэмахуэ район администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и кьудамэм и лIыкIуэхэр, жылагъуэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр.

Тырныауз дэт «Тотур» стадионым етIуанэ махуэм щекIуэкIыныщ КъБР-м и уэрэджьIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, районым щыIэ творческэ гупхэр зыхэт псапащIэ концерт.

ЩIыпIэ администрацэм и пресс-лэжьакIуэ Тарим Алисэ къызэрыджиIамкIэ, билет уасэу кьыхэкIыр зи ныбжь хэкIуэта нэхъ хуэмыщIаэм зэрадэIэпыкъу мылькум халъхьэнущ. Аклцэм и иужьрей махуэм ныбжьыщIэхэр зи ныбжь хэкIуэтахэм я деж кIуэнурэ унагъуэ IуэхухэмкIэ зыщIагъэкъуэнущ.

ШЫПШ Даянэ.

Щхъуэхь куэд къытрах

Республикэм и наркополицейхэм Бахьсэн къалэм къыщытрахащ наркотик зыхэлъ IэфIыкIэм къыщагъэсэбэп Iуэщхьэ куэд. Абы теуху уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Къыхэлъэщыныр, а наркотик лIэужьыгъуэр зэхъыбда дауэ, наркоманхэм я процент 80-м, ди щIыналъэм къыщагъэсэбэп.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къару ягъуэтащ «Урысыкъпхъэ Iуэщхьэ» Урысей Федерацэм и лъэпкъ стандартым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм. А лэжьыгъэр зэфIэзыахэм яхэтащ Къармэтикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъур. ЗэхъуэкIыныгъэхэр ялъэIэсащ пункт зыбжанэм. Псалъэм папщIэ, 4.1 Iыхьэм къыщыгъэльэгъуа «урысыкъпхъэ Iуэщхьэм и жьлэхэр» «урысыкъпхъэ Iуэщхьэ» жиIэу яхъуэжащ. Наркополицейхэм зэрыжаIэмкIэ, урысыкъпхъэ Iуэщхьэм наркотик лIэужьыгъуэхэр хэльынр кьэзыгъэхъуным хуэгъэза ГОСТ Р 52533-2006-м щрубзыухуа техникэ Iэмалхэр зэхуэнатIащ урысыкъпхъэ Iуэщхьэ пэхьэтэу Урысей Федерацэм и щIыналъэм щхъуэхь кьрашэр гъэмэщIыным икIи земыгъэубгъуным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.